

Ajite, Melanje, epi Fè wonn

Nan Itilize Penti avèk Ti Men yo

Pentire kreyatif epi li kapab rilaks pou timoun yo. Li bati tou kontwòl ak kowòdinasyon motris fin yo. Kèk granmoun pa konfòtab pou pentire lakay paske sa ka kreye dezòd. Men genyen fason pou kontwole dezòd la nan itilize sèlman yon ti penti oswen pentire yon kote deyò.

Remake: Yo ka jwenn founiti ki soulinye yo nan kit ou a. Founiti ki an *italik* yo ou gendwa genyen yo lakay ou oswa ou kapab itilize yon bagay ki sanble.

Konsèy sou Zouti yo

Bay yon ti kras penti ak dlo pou redwi devèsman yo. Si ou ap travay andedan, kouvri zòn lan avèk yon bagay tankou journal oswa yon nap. Asire ou itilize penti ki ka lave, ki pa toksik yo. Yo pa dwe janm mete aplikatè koton (Q-Tips) yo nan je, zòrèy, oswa nen.

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 2 ak 3 Ane yo


- **Fè Mak yo.** Bay timoun ou an yon koulè pent nan yon tas an plastik. Ankouraje li eseye penso a, yon aplikatè koton, epi menm yon dwèt. Yo ka fè wonn, liy, ak fòm sou papye yo a.
- **Melanje koulè yo.** Bay timoun ou an de oswa twa koulè pent. Ankouraje yo melanje yon ti kras nan de oswa plis koulè ansanm sou papye yo a. Yo kapab ajoute plis oswa mwens nan chak koulè pou wè kisa ki ap rive.
- **Pentire ak dlo.** Eseye sa yon kote deyò sou twotwa. Bay timoun ou an yon penso ak yon ti kras dlo. Ankouraje li pentire sou asfat la oswa sou yon wòch. Fè foto pou ede li sonje sa li te fè a.



Prensip Fondamantal yo

Ede timoun ou an aprann itilize yon penso. Menm si se pa premye fwa li ap fè sa, li gendwa bezwen kèk rapèl.

- Montre li diferan fason pou kenbe penso a.
- Fwote penso a sou papye a kapab fè fòm enteresan. Men li kapap lakòz fwistrasyon tou si papye a chire oswa plim penso a vini plat.
- Ankouraje li rense ak seche penso a jan sa nesèsè.



Plis! 

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 3 ak 5 Ane yo

- **Anpil fason diferan.** Envite timoun ou an itilize aplikatè koton yo pou fè wonn ak penti yo. Oswa eksplòre fason pou itilize sèlman pwent penso a pou fè liy ki pi mens ak liy ki pi gwo. Si ou ap pentire yon kote deyò avèk dlo, eseye itilize penso a pou fè yon tach penti.
- **Trase ak kopye.** Ede timoun ou an desine kèk fòm, lèt, oswa chif yo prefere avèk yon *kreyon* sou paye. Envite li trase sou oswa kopye liy kreyon yo avèk aplikatè koton yo epi pentire. Apre penti a sèch, ankouraje li pratike konpetans sizo yo a epi koupe pou detache fòm oswa lèt yo.
- **Rakonte istwa avèk penti.** Si timoun ou an ap pentire yon foto, pale avèk li sou fòm yo ak koulè ki sou paye yo a. Pandan yo ap travay, evite devine sa yo ap pentire a. Lè li fini, mande timoun ou an rakonte ou kisa ki ap pase nan foto a dekwa pou ou ka ede li ekri li.



Bonis!

Aktivite sou Tout Kò. Mete kèk mizik epi envite timoun ou an pentire pandan mizik la. Si ou konfòtab, ankouraje timoun ou an kanpe pandan li ap pentire. Chanje kalite mizik la epi fè yon nouvo penti. Gade fason kalite mizik la chanje kisa li pentire ak fason li pentire a! Apre ou netwaye penti a, koute menm mizik la epi danse ansanm. Èske dans ou yo raple ou penti ou yo?

Bagay pou ou di

“Mwen wè yon liy ble ak de sèk wouj.”

Pandan ou ap gade timoun ou an ki ap pentire, pataje sa ou wè. Pa devine kisa timoun ou an ap pentire a.

“Kisa ou kapab di mwen sou penti ou a?”

Anpil timoun pral kontan anpil pou pale sou travay yo a pandan yo ap pentire oswa lè yo fini. Envite yo dekri penti yo a ba ou.

“Kijan lè ou ap pentire sa a fè ou santi ou?”

Pentire se yon eksperyans pèsonèl ak kreyatif. Timoun yo gendwa pataje santiman yo sou li. Ou gendwa aprann yon bagay nouvo timoun ou an lè li ap pentire.